



Emergency Home Energy Assistance for the Elderly Program (EHEAP)

(Sèvis pou ede granmoun aje peye bòdwo kouran yo nan ka ijans)

Ki sa pogram EHEAP la ye?

Pogram (EHEAP) se yon pogram ki disponib pou tout moun ki rete nan yon kay kote yo gen yon bòdwo limyè dat la pase pou yo peye l epi youn nan moun ki rete nan kay la se yon granmoun 60 an oswa plis pase sa. EHEAP kapab ede repara oswa ranplase èkondisyone yon mèt kay ki aje.

Ki moun ki kab aplike?

Nenpòt moun ki rete nan yon kay kote gen yon granmoun 60 an oswa ki gen plis pase 60 an ki rete nan kay la tou epi fò dat pou yo te peye bòdwo limyè a **deja pase**. Pogram nan voye peye bòdwo sa a dirèkteman nan Konpayi elektrik la.

Kouman pou m enskri nan pogram sa a?

Ou kab enskri an pèsòn nan biwo sa a "Collier County Community and Human Services Office" ki nan adrès sa a 3339 Tamiami Trail E Suite 211, nan Naples. Si w bezwen plis ransèyman, telefone (239) 252-CARE (2273) oswa telefone 311.

Ki sa pogram EHEAP a ye?

Se yon pogram ki la pou ede moun ki gen reta pou yo peye bòdwo limyè yo epi gen yon granmoun nan kay la ki gen 60 an oswa plis pase sa. Pogram EHEAP a kab ede moun repara oswa ranplase sistèm èkondisyone yo.

Pandan konbyen tan pou yon moun ta gen bòdwo limyè pou yo ta ede l peye pou yo?

Se bòdwo ou dwe dat pou w te peye l la pase SÈLMAN y ap peye.

E si m rete nan yon kay kote leta ap ede m peye kay la, èske m kab kalifye?

Tanpri li kontra lwaye kay la pou wè si yo ba w sibvansyon pou w peye bòdwo limyè, si ou pa resevwa yon sibvansyon pou sa, ou kapab aplike pou yo ede w nan pogram sa a. Si yo deja ba wou sibvansyon pou w peye bòdwo limyè ou kab pa kalifye pou w jwenn yon sibvansyon nan pwogram sa a.

Ki dokiman mwen bezwen?

- Yon bòdwo limyè FPL oswa LCEC
- Kat sosyal tout moun ki rete nan kay la
- Yon kat didantite Florid ki gen foto sou li pou tout mou ki rete nan kay la ki gen laj majè
- Kat sosyal kat SNAP oswa yon lèt TANF
- Dosye mògej oswa ipotèk kay ou oubyen kontra fèm kay la

Kouman yo defini revni kay la?

Nou suiv machasuiv 150% FPL la men si gen yon moun nan kay k ap resevwa lajan Sosyal oswa SNAP oswa TANF, revni moun nan kay la pa nesèsè depi gen yon moun ki gen 60 an oswa plis pase sa ki rete nan kay la.

Èske gen yon montan maksimòm yo bay kòm asistans?

Ou kapab kalifye pou yo ba wou asistans pou chak mwa ou an reta sou peman bòdwo limyè ou oswa pou peye repara oswa chanje èkondisyone lakay ou depi sa pa depase \$3500.00 an total pou ane a.

Ki sa m dwe fè si yo pa asepté aplikasyon mwen an?

Ou kab telefone nan 311 epi/oswa anplwaye nan CHS va ba wou ransèyman sou lòt ajans sèvis sosyal ki disponib nan Collier County ki ede moun peye bòdwo limyè yo dwe.

Si m bezwen fè yon reparasyon ki moun pou m rele?

Telefone nan biwo sa a: Community & Human Services Main # 252-2273.

Ki jan m ka jwenn yon nouvo sistèm èkondisyone si m bezwen youn? Ki dokiman m ap bezwen prezante?

- W ap bezwen (3) devi nan men konpayi èkondisyone.
- Si pri sistèm èkondisyone a depase \$3500.00, prezante dokiman ki montre kouman ou pral peye tout diferans lan yon sèl kou a.
- Kat sosyal tout moun ki rete nan kay la
- Kat didantite Eta Florid pou tout granmoun ki rete nan kay la
- Lèt ki montre valè lajan w ap resevwa nan Sosyal oswa SNAP oswa nan TANF



- Papye mògej oswa ipotèk sou kay ou oubyen kontra fèm kay la